

### BAB III


## MÉTODE PANALUNGTIKAN

Ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif analitis. Métode déskriptif miboga tujuan pikeun ngagambarkeun hiji gejala, fakta, atawa réalita sacara jembar jeung jero sangkan meunangkeun hiji pamahaman anyar (Raco, 2010, kc. 50). Hasil pamanggih tina métode déskriptif leuwih jembar jeung leuwih wincik (Gulo, 2002).

Métode déskriptif digunakeun pikeun ngadéskripsikeun fakta atawa réalita nu aya dina *Wawacan Putri Sekar Arum*, tuluy dianalisis datana ngeunaan unsur struktural jeung étnopédagogikna.

### 3.1 Désain Panalungtikan

**Bagan 3.1**  
**Désain Panalungtikan**



### 3.2 Data jeung Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta wawacan nu judulna *Wawacan Putri Sekar Arum* karya Cucu Suhartini. Data dina ieu panalungtikan nyaéta struktur formal *Wawacan Putri Sekar Arum* nu ngawengku guru wilangan jeung guru lagu, watek pupuh, jeung sasmita pupuh. Struktur naratif nu ngawengku téma, galur, latar, jeung tokoh. Salian ti éta, aya étnopédagogik dina *Wawacan Putri Sekar Arum*.

#### 3.2.1 Idéntitas Buku

Judul : *Wawacan Putri Sekar Arum*  
 Karangan : Cucu Suhartini  
 Pamedal : KSB Rawayan  
 Taun Medat : 2020  
 Jumlah Kaca : 142 Kaca

**Gambar 3.1**  
**Wawacan Putri Sekar Arum**



### 3.3 Téhnik Panalungtikan

Téhnik dina ieu panalungtikan dibagi jadi dua, nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

#### 3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah nu paling stratégis dina panalungtikan, sabab tujuan utama tina panalungtikan nyaéta meunangkeun data (Sugiyono, 2013, kc. 224).

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun téhnik studi pustaka. Studi pustaka nyaéta métode panalungtikan nu dilakukeun ku cara ngumpulkeun data-data nu mangrupa téks tinulis tina buku-buku nu aya pakaitna jeung objék nu bakal ditalungtik. Téhnik studi pustaka nyaéta panalungtikan kana sababaraha buku, karangan, jeung tulisan ngeunaan hiji widang élmu, topik, jeung gejala kajadian (Moeliono, 1990, kc. 731).

Léngkah-léngkah nu dilakukeun dina téhnik ngumpulkeun data nyaéta di handap ieu.

- 1) Maca *Wawacan Putri Sekar Arum* kalawan gemet tur diulang-ulang;
- 2) méré tanda dina pada atawa padalisan nu miboga unsur struktur formal, struktur naratif, jeung ajén étnopédagogik;
- 3) nyalin data nu geus kapanggih kana kartu data digital;
- 4) méré kode data dina unggal cutatan; jeung
- 5) nyieun runtuyan data dumasar unsur struktur formal, struktur naratif, jeung étnopédagogik.

### 3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Ngolah data hartina nganalisis data, ngorganisir data, matotoskeun pasualan kana unit-unit nu leuwih leutik, néang pola jeung téma-téma nu sarua (Raco, 2010, kc. 122).

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 278), sacara umum analisis data ngawengku tilu hal, nyaéta tatahar, tabulasi, jeung ngamangpaatkeun data luyu jeung pamarekan nu dipaké. Tatahar mangrupa prosés nu mimiti dilakonon. Tabulasi nyaéta prosés ngahijikeun sakabéh data nu geus kapaluruh. Data nu geus ditabulasi tuluy diolah dumasar pamarekan panalungtikan nyaéta struktur formal, struktur naratif, jeung étnopédagogik dina carita *Wawacan Putri Sekar Arum*. Anapon léngkah-léngkah dina ngolah data nyaéta saperti ieu di handap.

- 1) Mariksa data dina padalisan atawa pada nu ngandung unsur struktur formal, struktur naratif, jeung ajén étnopédagogik dina kartu data digital;
- 2) ngaklasifikasikeun data dina padalisan atawa pada dumasar kana unsur struktur formal, struktur naratif, jeung ajén étnopédagogik;

- 3) nganalisis data dina padalisan atawa pada dumasar kana unsur struktur formal, struktur naratif, jeung ajén étnopédagogik;
- 4) ngadéskrripsikeun data nu miboga unsur struktur formal, struktur naratif, jeung ajén étnopédagogik;
- 5) medar hasil panalungtikan; jeung
- 6) nyieun kacindekan tina hasil analisis.

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat nu digunakeun pikeun ngukur fénoména alam atawa sosial nu diperhatikeun (Sugiyono, 2013, kc. 102). Sedengkeun nurutkeun Arikunto (2010, kc. 265), instrumén panalungtikan nyaéta alat bantu nu dipilih jeung dipaké ku panalungtik dina kagiatan ngumpulkeun data sangkan sistematis sarta babari.

#### 3.4.1 Instrumén Panalungtikan Ngumpulkeun Data

Instrumén panalungtikan nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nyaéta studi pustaka.

#### 3.4.2 Instrumén Pikeun Ngolah Data

Instrumén nu digunakeun dina téhnik ngolah data nyaéta kartu data digital. Kartu data digital mangrupa instrumén nu digunakeun pikeun ngébréhkeun data dina wangun cutatan-cutatan carita nu aya dina *Wawacan Putri Sekar Arum* karya Cucu Suhartini. Kartu data digital nu digunakeun saperti ieu di handap.

**Tabél 3.1**  
**Kartu Data Analisis Struktur Formal**

Cutatan analisis	(WPSA/kaca/kanto/pada)
a. Guru lagu jeung guru wilangan	:
b. Sasmita Pupuh	:
c. Watek Pupuh	:

**Tabél 3.2**  
**Kartu Data Analisis Struktur Naratif**

Cutatan Analisis	(WPSA/kaca/kanto/pada)
a. Téma :	
b. Latar :	
c. Galur :	
d. Tokoh :	

**Tabél 3.3**  
**Kartu Data Analisis Étnopédagogik**

Cutatan Analisis	(WPSA/kaca/kanto/pada)
a. MMT :	
b. MMP :	
c. MML :	
d. MMA :	
e. MMW :	
f. MMLB :	

**Keterangan:**

WPSA : Wawacan Putri Sekar Arum

MMT : Moral manusa ka Allah

MMP : Moral manusa ka pribadi

MML : Moral manusa ka manusa séjén

MMA : Moral manusa ka alam

MMW : Moral manusa kana waktu

MMLB : Moral manusa kana kasugemaan lahir jeung batin